**Іуьйранна, суьйранна а доьшуш долу азкараш**

Тодина, кечдинарг – доктор Мухьаммад НаІим аль-Іаркъсусий ву

**БисмиллахІиррохьманиррохьим**

**«Аллóхlумма Анта роббú, лá илáхІа иллá Анта холакътанú, ва ана Іабдука, ва ана Іалá ІахІдика, ва ваІдика, мастатІоІту. АІýзу бика мин шарри мá сонаІту, абýу лака биниІматика Іалаййа, ва абýу бизамбú, фагІфир лú, фа иннахІý лá йагІфируз-зунýба иллá Анта** (Йá АллахІ, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чІагІонна тІехь, Хьан ваІданна тІехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Іалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахь суна динчу диканна къера ву со, айса динчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна геч ца до Хьо воцчо)». (кхузза)

**«Родыту биллáхІи роббá, ва биль-ислáми дúнá, ва би Мухьаммадин соллаллóхІу ІалайхІи ва саллама набиййав-ва росýлá** (АллахІ сайн Дела хиларна резахили со, Ислам сайн дин хиларна резахили со, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сайн пайхамар, элча а хиларна а резахили со)**».** (кхузза)

**АІýзу биллáхІи минаш-шайтІóнир-рожúм: «Иннú таваккальту ІалаллóхІи роббú ва роббикум, мá мин дáббатин иллá хІува áхизум-бинáсыйатихІá, инна роббú Іалá сырóтІым-мустакъúм** (Ас ларвар доьху АллахІе, Цо Шен къинхетамах генадаьккхинчу шайтІанах: Аса болх буьллу АллахІе, сан Дела а, шун Дела а волчу. Цхьа а дийнат дац, Цо доладеш, Цуьнан омранна кІелахь долуш а бен. Баккъалла а, сан Дела нийсачу некъа тІехь ву)**».** *«ХІуд», 56.*

**«Таваккальту Іалал-хьаййиллазú лá йамýту** (Ас болх билли цкъа а лийр воцуш Дийна Волчуьнга)**».**

**«Аль-хьамду лиллáхІиллазú лам йаттахиз валадав-ва лам йакул-лахІý шарúкун филь-мульки, ва лам йакул-лахІý валиййум-миназ-зулли, ва каббирхІу такбúрó** (Хастам бу АллахІна, Ша доьзалхо ца лаьцначу, паччахьаллехь Шена накъост ца хиллачу, сийсазаллех *(ларван)* Шена гІоьнча хьашт ца хиллачу. Вазве Иза вазварха)**».** *«Аль-Исраъ», 111.*

**«Афахьасибтум аннамá холакънáкум Іабасав-ва аннакум илайнá лá туржаIýн. Фа таIáлаллóхIул-маликуль-хьаккъу, лá илáхIа иллá хIува роббул-Іаршиль-карѝм** (Ткъа шуна моьтту-те, баккъалла а, Оха шу бегашена кхоьллина, шу Тхоьга дерзор а дац? Веза-Сийлахь ву АллахI – бакъволу паччахь, кхин дела вац Иза воцург, сийлахьчу Іаршан Да волу)**».** *«Аль-Муъминун», 115-116.*

**«ФасубхьáналлóхIи хьѝна тумсýна ва хьѝна тусбихьýн. Ва лахIуль-хьамду фиссамáвáти валь-арды ва Іашиййав-ва хьѝна тузхIирýн. Йухрижул-хьаййа миналь-маййити ва йухрижул-маййита миналь-хьаййи ва йухьйил-ардо баIда мавтихIá, ва казáлика тухрожýн** (АллахIна тасбихь *(ламаз)* де аш шаьш суьйренга девлча а, шаьш Іуьйренга девлча а. Цунна хастам бо стигланан а, лаьттан а охIлано, *(ламазаш де)* малхбузехь а, делкъахенахь а. Йеллачух дийнаниг схьайоккху Цо, дийначух йеллариг а схьайоккху Цо, латта а дендо Цо и деллачул *(дакъаделлачул)* тIаьхьа. Иштта шу а *(дендина)* арадохур ду *(кешнаш чуьра)***».** *«Ар-Рум», 17-19.*

**«Хьá-Мѝм! Танзѝлул-китáби миналлóхIил-Іазѝзил-Іалѝм. ГIóфириз-замби ва къóбилит-тавби шадѝдил-Іикъóби зит-тIовли, лá илáхIа иллá хIува, илайхIил-масѝр** (Хьá-Мѝм! *(ХIара)* жайна *(Къуръан)* доссор АллахIера ду, нуьцкъала Волчу, хууш Волчу. Къиношна гечдеш Волчу, тоба къобалдеш Волчу, Іазап чIогIа долуш Волчу, Шегахь комаьршалла йолуш Волчу; Иза воцург кхин дела вац, дерзар Цуьнга ду)**».** *«ГIофир», 1-3.*

**«Йá гIóфираз-занби игIфир лѝ замбѝ, йá къóбилат-тавби такъоббал тавбатѝ, йá шадѝдал-Іикъóби ла туIáкъибнѝ, йá зат-тIовли татIоввал Іалаййа бирохьматин** (ХIай къиношна гечдеш Верг, сан къинна гечдехьа, хIай тоба къобалдеш Верг, сан тоба къобалдехьа, хIай Іазап чIогIа долуш Верг, суна Іазап ма лохьа, хIай комаьршалла йолуш Верг, Хьайн къинхетамца комаршо йехьа суна)**».**

**«АIýзу биллáхIис-самѝIиль-Іалѝми минаш-шайтIóнир-рожѝм** (Массо хIума хезаш, хууш а волчу АллахIе сой ларвар доьху ас, Цо Шен къинхетамах генадаьккхинчу шайтIанах)**».** (кхузза)

**«ХIуваллóхIуллазѝ лá илáхIа иллá хIува, Іáлимуль-гIойби ваш-шахIáдати, хIуваррохьмáнуррохьѝм. ХIуваллóхIуллазѝ лá илáхIа иллá хIуваль-маликуль-къуддýсус-салáмуль-муъминуль-мухIайминуль-Іазѝзуль-джаббáруль-мутакаббиру, субхьáналлóхIи Іаммá йушрикýн.**

**ХIуваллóхIуль-хóликъуль-бáриуль-мусоввиру лахIуль-асмáуль-хьуснá, йусаббихьу лахIý мá фиссамáвáти валь-арды, ва хIуваль-Iази́зуль-хьаки́м** (Иза АллахI ву, Иза воцург кхин дела вац, къайлах дерг а, гучохь дерг а хууш ву Иза, дуьнен чохь бусалбанах, керстанах а цхьатерра къинхетам беш Верг, эхартахь къаьсттана бусалба нахах къинхетам бийр болуш Верг а ву Иза. АллахI ву Иза, кхин дела вац Иза воцург, Шен паччахьаллехь шена луург деш верг ву Иза, Шеца там мел боцчух цIена верг ву Иза, массо эшамех маьрша верг ву Иза, Шен пайхамаршна муIжизаташ луш, уьш бакъбина верг ву Иза, Шен леша йечу Iамалшна теш верг ву Иза, ницкъ болуш, массо хIуманна тIехь тоьлла верг ву Иза, Шен омранаш чекхдохуш, кхочушдеш верг ву Иза, Шеца там мел боцчух лакха верг ву Иза, цIена ву АллахI цара Шеца накъост вечух. Иза АллахI ву, массо хIума кхуллуш верг ву Иза, доцуш долу хIума хуьлуьйтуш верг ву Иза, Ша кхуллучу массо хIуманна и кхечух къастош сурт луш верг ву Иза, хаза цIерш ю Цуьнан, стигланашкахь дерг а, лаьтта тIехь дерг а *(Иза хестош)* Цунна тасбихь деш ду, ницкъ болуш, массо хIуманна тIехь тоьлла верг ву Иза, Ша деш долу массо хIума нийса, говза а деш верг ву Иза)**».** *«Аль-Хьашр», 22-24.*

**«АллóхIумма бика асбахьнá, ва бика амсайнá, ва бика нахьйá, ва бика намýту, ва илайкан-нушýр** (Йá АллахI, Хьан пурбанца Iуьйренга девли тхо, Хьан пурбанца суьйренга а довлу тхо, Хьан пурбанца даха а деха тхо, Хьан лаамца дала а ле тхо, Хьоьга ду *(тхан)* дерзар *(къематдийнахь)***».**

**«Асбахьнá ва асбахьал-мульку лиллáхIи, валь-хьамду лиллáхIи, лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шари́ка лахI, лахIуль-мульку ва лахIул-хьамду ва хIува Iалá кулли шайъин къоди́р. Робби асъалука хойра мá фи́ хIáзаль-йавми ва хойра мá баIдахIý, ва аIýзу бика мин шарри мá фи́ хIáзаль-йавми ва шарри мá баIдахIý. Робби аIýзу бика миналь-касали валь-хIароми ва сýиль-кибари, робби аIýзу бика мин Iазáбин финнáри ва Iазáбин филь-къобр** (Тхо Iуьйренга девли, хIокху Iуьйранна паччахьалла а АллахIехь ду. Хастам АллахIна бу. Цхьаъ волу, Шеца декъахо воцу АллахI воцург дела вац, Цуьнгахь ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хIуманна тIехь ницкъ кхочуш ву. Сан Дела, ас Хьоьга доьху хIокху дийнахь долу дика а, хIокхул тIаьхьа долу дика а. Ас Хьоьга сой Iалашвар а доьху хIокху дийнахь долчу вуонах, хIокхул тIаьхьа хиндолчу вуонах а. Сан Дела, Ахь со ларвехьа малонах а, къаналлин кIелвисарх а, куралллин вуонах а, Ахь со ларвехьа жоьжахати чохь долчу Iазапах а, кошахь долчу Iазапах а)**».**

**«Асбахьна́ ва асбахьаль-мульку лилла́хIи роббиль-Iа́лами́н. Алло́хIумма инни́ асъалука хойро хIа́заль-йавми, фатхьахIу́, ва насрохIу́, ва ну́рохIу́, ва барокатахIу́, ва хIуда́хIу, ва аIу́зу бика мин шарри ма́ фи́хIи, ва шарри ма́ баIдахIу́** (Тхо Iуьйренга девли, хIокху Iуьйранна паччахьалла а Iаламийн Да волчу АллахIехь ду. Йа́ АллахI, ас Хьоьга доьху хIокху дийнахь долу дика: хIокхуьнан толам а, хIокхуьнан гIо а, хIокхуьнан нур а, хIокхуьнан беркат а, хIокхуьнан нийсо а йоьху Хьоьга. Ас Хьоьга сой Iалашвар а доьху хIокхунна чохь долчу вуонах, хIокхул тIаьхьа хиндолчу вуонах а)**».**

**«Асбахьна́ ва асбахьаль-мульку лилла́хIи Iазза ва жалла. Валь-хьамду лилла́хIи, валь-кибрийа́у, валь-Iазомату лилла́хIи, валь-холкъу, валь-амру, валлайлу, ваннахIа́ру, ва ма́ сакана фи́хIима́ лилла́хIи таIа́ла́** (Тхо Iуьйренга девли, хIокху Iуьйранна паччахьалла Веза-Сийлахьчу АллахIехь ду. АллахIна хастам бу, сийлалла а, возалла а АллахIна ду, кхоллар а, омра а, буьйса а, де а, цаьршинна чохь дехаш долу хIума а Веза-Сийлахьчу АллахIан ду)**».**

**«Алло́хIуммажIаль аввала хIа́зан-нахIа́ри сола́хьан, ва авсатIохIу нажа́хьан, ва а́хирохIу фала́хьан, йа́ архьамар-ро́хьими́н** (Йа́ АллахI, хIокху дийнан йуьхьиг дика дохьуш хилийтахьа, цуьнан йукъ аьтто бохьуш хилийтахьа, цуьнан чаккхе декъалдеш хилийтахьа – хIай къинхетам бечарах уггаре къинхетаме Верг)**».**

**«Асбахьна́ Iала́ фитIротиль-Исла́ми, ва калиматиль-ихла́си, ва Iала́ ди́ни набиййина́ Мухьаммадин (соллалло́хIу IалайхIи ва саллама), ва миллати Ибро́хIи́ма (соллалло́хIу IалайхIи ва саллама), ва ма́ ана миналь-мушрики́н** (Тхо Iуьйренга девли Ислам-динехь, дин цIандаран (ла́ ила́хIа иллалло́хIу бохучу) дашна тIехь а, вайн пайхамар волчу Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) динехь а, ИбрахIим-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) миллатехь а, АллахIца накъост вечарах а вац со)**».**

**«Алло́хIумма ма́ асбахьа би́ ав биахьадим-мин холкъика мин ниIматин, фаминка вахьдака ла́ шари́ка лака, лакаль-хьамду ва лакаш-шукру** (Йа́ АллахI, суна йа Ахь кхоьллинчу муьлххачу Хьан халкъана долу ниIмат (дика) Хьоьгара цхьаьнгара ду, цхьа а накъост вац Хьоьца, Хьуна бу хастам, Хьуна ду шукра а)**».**

**«АӀу́зу бикалима́тиллахӀит-та́ммати мин гӀодобихӀи, ва Ӏикъо́бихӀи, ва шарри Ӏиба́дихӀи, ва мин хӀамаза́тиш-шайа́тӀи́ни, ва аӀу́зу бика робби ай-йахьдуру́ни** (АллахӀан кхоччуш долчу дешнашца сой ларвар доьху ас Цуьнан оьгӀазлонах, Цуьнан Ӏазапах а, Цуьнан лешкара вуонах а, шайтӀанаша дагатуьйсучу вуочу ойланех а. Хьоьца ларло со, сан Дела, уьш *(шайтӀанаш)* сайна гергадаххкарх)**».**

**«АӀу́зу бикалима́тилла́хӀит-та́мма́ти мин шарри ма́ холакъа** (АллахӀан кхоччуш долчу дешнашца сой ларвар доьху ас, Цо кхоьллинчу массо хӀуманан вуонах)**».** (кхузза)

**«Алло́хӀумма инни́ аӀу́зу бика миналь-хӀамми валь-хьазани, ва аӀу́зу бика миналь-Ӏажзи валь-касали, ва аӀу́зу бика миналь-джубни валь-бухли, ва аӀу́зу бика мин гӀолабатид-дайни ва къохӀрир-рижа́л** (Йа́ АллахӀ, Хьоьга сой ларвар доьху ас сингаттамах, гӀайгӀанах а, Хьоьга сой ларвар доьху ас кӀелвисарх а, малонах а, Хьоьга сой ларвар доьху ас кӀилловаларх а, бӀаьрмецигаллех а, Хьоьга сой ларвар доьху ас декхаро кӀелвитарх а, суна тӀехь толам баккхарх а)**».**

**«Алло́хӀумма инни́ аӀу́зу бика мин ан ушрика бика шайъан аӀламухӀу, ва астагӀфирука лима́ ла́ аӀламухӀу** (Йа АллахӀ, баккъалла а, Хьоьга сой ларвар доьху ас, хаа а хууш Хьоьца накъост варх, сайна ца хуучунна гечдар а доьху ас Хьоьга)**».** (кхузза)

**«АӀу́зу биллази́ йумсикуссама́а ан такъоӀа Ӏалаль-арды илла́ биизнихӀи́, мин шарри ма́ холакъа ва зароа, ва мин шарриш-шайтӀо́ни ва ширкихӀи́** (Шен пурбанца бен стигал лаьтта тӀе йуьжур йоцуш, и сацийна Волчуьнга сой ларвар доьху ас, Цо кхоьллинчу а, хилийтинчу а массо хӀуманан вуонах, шайтӀанан вуонах а, цо дечу ширках а)**».**

**«Алло́хӀумма фа́тӀирос-сама́ва́ти валь-арды, Ӏа́лималь-гӀойби ваш-шахӀа́дати, робба кулли шайъин ва мали́кахӀу, ашхӀаду ал-ла́ ила́хӀа илла́ Анта, аӀу́зу бика мин шарри нафси́, ва мин шарриш-шайтӀо́ни ва ширкихӀи́, ва ан акътарифа су́ан Ӏала́ нафси́, ав ажуррохӀу́ ила́ муслим** (Йа́ АллахӀ, стигланаш а, латта а Кхоьллинарг, къайлах дерг а, гучохь дерг а Хуушверг, массо а хӀуманан Дела, массо а хӀуманан Паччахь а верг, Хьо воцург дела вац аьлла тоьшалла до ас. Хьоьга сой ларвар доьху ас сайгара дуьйлучу вуонах а, шайтӀанан вуонах а, цо дечу ширках а, ас айса сайна вуониг дарх а, йа и вуониг кхечу бусалба стагана тӀе дехьадаккхарх а)**».**

**«Бисмилла́хIиллази́ ла́ йадурру маIасмихIи шайъун филь-арды ва ла́ фис-сама́и ва хIувас-сами́Iуль-Iали́м** (АллахIан цIарца доладо ас, Шен цIарца долийча лаьттахь а, стиглахь а цхьана хIумано зен ца дечу, Иза Хезаш а, Хууш а ву)**».** (кхузза)

**«Бисмилла́хIи, ма́ ша́алло́хIу, ла́ йасу́къуль-хойра иллалло́хI** (АллахIан цIарца, АллахIна лиънарг ду-кх иза, дика доуьйтур дац АллахIа бен)**».**
**«Бисмилла́хIи, ма́ ша́алло́хIу, ла́ йасрифуш-шарро иллалло́хI** (АллахIан цIарца, АллахIна лиънарг ду-кх иза, вуон дIахьовзор дац АллахIа бен)**».**
**«Бисмилла́хIи, ма́ ша́алло́хIу, ма́ ка́на мин ниIматин фа-миналло́хI** (АллахIан цIарца, АллахIна лиънарг ду-кх иза, мел долу ниIмат (дика) АллахIера ду)**».**
**«Бисмилла́хIи, ма́ ша́алло́хIу, ва ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хIиль-Iалийййиль-Iазы́м** (АллахIан цIарца, АллахIна лиънарг ду-кх иза, вуочух дIахьовзор, диканна тIехь ницкъ кхачийтар а Веза-Сийлахьчу АллахIера бен дац)».

**«Бисмилла́хIиллази́ ла́ ила́хIа илла́ хIуваррохьма́нуррохьи́м. Алло́хIумма азхIиб Iанниль-хIамма валь-хьазана** (АллахIан цIарца доладо ас, Ша воцург кхин дела воцчу, Къинхетаме волчу, Къинхетам бийр болуш волчу. Йа́ АллахI, соьгара гIайгIа, сингаттам а дIаайбахьа)».

**«Бисмилла́хIи Iала́ ди́ни́, ва нафси́, ва валади́, ва ахIли́, ва ма́ли́** (АллахIан цIарца беркат лоху ас сайн динна а, сайн дегIана а, сайн доьзална а, сайн охIланна а, сайн даьхнина а)**».**

**«Алло́хIумма асъалукаль-Iа́фийата фиддунйа́ валь-а́хироти. Алло́хIумма инни́ асъалукаль-Iафва валь-Iа́фийата фи́ ди́ни́, ва дуньйа́йа, ва ахIли́, ва ма́ли́** (Йа́ АллахI, ас Хьоьга доьху сой дуьненахь, эхартахь а маьрша витар. Йа́ АллахI, ас Хьоьга доьху гечдар а, сайн динехь, сайн дуьненахь, сайн доьзалехь, сайн даьхнигахь а маьрша витар а)**».**

**«Алло́хIуммастур Iавра́ти́, ва а́мин ровIа́ти́. Алло́хIуммахьфазни́ мин байни йадаййа, ва мин холфи́, ва Iан йами́ни́, ва Iан шима́ли́, ва мин фавкъи́, ва аIу́зу биIазаматика ан угIта́ла мин тахьти́** (Йа́ АллахI, Сан сакхташ хьулдехьа, со кхерамах Iалашвехьа. Йа́ АллахI, со ларвехьа суна хьалхахула а, суна тIехьахула а, сан аьтту агIорхула а, сан аьрру агIорхула а,

суна тIехула а. Хьан сийлаллийн дуьхьа доьху аса Хьоьга, кIелдIашхула йамартло а йина верах Iалашвехьа со)**»**.

**«АллóхIумма асъалука мин фажъатиль-хойри, ва аIýзу бика мин фажъатиш-шарри. Йá хьаййу, йá къойййýму, бика астагIи́су, фа-аслихь ли́ шаъни́ куллахIу, ва лá такилни́ илá нафси́ тIорфата Iайн** (Йá АллахI, ас Хьоьга доьху цIаьххьана долу дика, ас Хьоьга сой ларвар а доьху цIаьххьана долчу вуонах. ХIай даима дийна верг, хIай даима халкъан балхана тIехIоьттина Верг, Хьоьга орцахвалар доьху ас, сан берриге белхаш тобехьа, бIаьрган негIар тухучу заманна а со-сайха тешна ма витахьа)**»**.

**«АллóхIумма Анта холакътани́, ва Анта тахIди́ни́, ва Анта тутIIимуни́, ва Анта таскъи́ни́, ва Анта туми́туни́, ва Анта тухьййи́ни́** (Йá АллахI, Ахь кхоьллина со, Ахь нисвеш а ву со, Ахь даар луш а ду суна, Ахь хи малош а ду суна, Ахь дIакхалхор а ву со, Ахь дийна латтош а ву со)**»**.

**«АллóхIумма йá мукъоллибаль-къулýби, саббит къулýбанá Iалá ди́ник** (ХIай дегнийн ойланаш хуьйцург, тхан дегнаш Хьайн дин тIехь сацадехьа (чIагIдехьа)».

**«АллóхIумма роддыни́ бикъодóика, ва бáрик ли́ фи́мá къуддира ли́, хьаттá лá ухьибба таIжи́ла мá аххорта, валá таъхи́ра мá Iажжальта** (Йá АллахI, со реза хилийтахьа Хьайн кхелана, суна лерина долчуьнгахь беркат а дехьа, Ахь тIаьхьатеттинарг сихха хилар а, Ахь сихха хилийтинарг тIаьхьататтар а суна дезар доцуш)**»**.

**«АллóхIумма инни́ аIýзу бика ан таъхузани́ Iалá гIирротин, ав тазарони́ фи́ гIофлатин, ав тажIалани́ миналь-гIóфили́н** (Йá АллахI, ас Хьоьга сой ларвар доьху Ахь цIаьххьана со лацарх, йа гIопал хиларна чохь Ахь со витарх, йа гIопал хиллачарах Ахь со варх а)**»**.

**«УIи́зу нафси́ ва ахIли́ ва авлáди́ бикалимáтиллáхIит-тáммати мин кулли шайтIóнив-ва хIáмматин, ва мин кулли Iайнил-лáмматин. Ва хьассонту нафси́ ва анфусахIум биль-хьаййиль-къойййýмиллази́ лá йамýту абадан, ва дафаIту Iанни́ ва IанхIумуссýа би лá хьавла ва лá къуввата иллá биллáхIиль-Iалийййиль-Iазы́м** (АллахIан кхоччуш долчу дешнашца доьху ас, массо шайтIанах а, садолчу хIуманах а, массо а вуочу бIаьргах а Цо со, сан доьзал а, сан бераш а Iалашдар. Цкъа а лийр воцуш, даима дийна волуш, даима халкъан балхана тIехIоьттина Волчуьнга доьху ас,

со а, уьш а ларбар. Вуочух дIахьовзор, диканна тIехь ницкъ кхачийтар а Веза-Сийлахьчу АллахIера бен дац бохучу дешнашца ас духатуху сайх а, царах а вуон)**».**

**«Аль-хьамду лилла́хIи, роббийалло́хIу, ла́ ушрику бихIи́ шайъан. Фа-ашхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хI** (АллахIна хастам бу, сан дела АллахI ву, Цунна цхьа а декъахо ца во ас. Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела вац аьлла)**».**

**«А́манту билла́хIиль-Iазы́м, ва кафарту биль-джибти ваттIо́гIу́ти, вастамсакту биль-Iурватиль-вускъо́ ланфисо́ма лахIа́, валло́хIу сами́Iун Iали́м** (Веза-Сийлахьчу АллахIах теша со, цIух (идол) а, тIагIутах (шайтIанах) а ца теша со, со тасавелла ша хедар боцчу ондачу муьшах, АллахI Хезаш а, Хууш а ву)**».** (кхузза)

**«Алло́хIумма Iа́фини́ фи́ бадани́, Алло́хIумма Iа́фини́ фи́ самIи́, Алло́хIумма Iа́фини́ фи́ басори́, ла́ ила́хIа илла́ Анта** (Йа́ АллахI, сан дегIана дарба дехьа, йа́ АллахI, сан хазарна дарба дехьа, йа́ АллахI, сан бIаьргашна дарба дехьа, Хьо воцург кхин дела вац)**».** (кхузза)

**«Алло́хIумма инни́ асбахьту минка фи́ ниIматив-ва Iа́фийатив-ва ситрин, фа-атимма ниIматака Iалаййа ва Iа́фийатака ва ситрока фиддунйа́ валь-а́хироти** (Йа́ АллахI, со Iуьйренга вели Хьоьгарчу ниIматехь а, маьрша хиларехь а, хьулвина хиларехь а, ткъа Ахь суна тIехь кхочушдехьа Хьайн ниIмат, маьрша витар, хьулвар а – дуьненахь, эхартахь а)**».** (кхузза)

**«Субхьа́налло́хIи ва бихьамдихIи Iадада холькъихIи, ва ридо́ нафсихIи, ва зината IаршихIи, ва мида́да калима́тихI** (АллахI Шеца там боцчух цIанво ас, Цунна хастам бо ас, Цуьнан халкъан барамехь, Иза резахиларан барамехь а, Цуьнан Iаршан дозаллин барамехь а, Цуьнан дешнийн шекъанан барамехь а)**».** (кхузза)

**«Субхьа́налло́хIи ва бихьамдихIи, субхьа́налло́хIиль-Iазы́ми ва бихьамдихIи, ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хI** (АллахI Шеца там боцчух цIанво ас, Цунна хастам бо ас, Веза-Сийлахь волу АллахI Шеца там боцчух цIанво ас, Цунна хастам бо ас. Вуочух дIахьовзор, диканна тIехь ницкъ кхачийтар а АллахIера бен дац)**».**

**«Субхьа́налло́хIи милъаль-ми́за́ни, ва мунтахIаль-Iильми, ва маблагIирридо́, ва зинаталь-Iарши. Валь-хьамду лилла́хIи милъаль-ми́за́ни, ва мунтахIаль-Iильми, ва маблагIирридо́, ва зинаталь-Iарши. Ва ла́ ила́хIа иллалло́хIу милъаль-ми́за́ни, ва мунтахIаль-Iильми, ва маблагIирридо́, ва зинаталь-Iарши. Валло́хIу акбар милъаль-ми́за́ни, ва мунтахIаль-Iильми, ва маблагIирридо́, ва зинаталь-Iарши** (АллахI Шеца там боцчух цIанво ас, терза дузаран барамехь, Iилманан чаккхенан барамехь а, резахиларе кхачаран барамехь а, Iаршан дозаллин барамехь а. АллахIна хастам бу, терза дузаран барамехь, Iилманан чаккхенан барамехь а, резахиларе кхачаран барамехь а, Iаршан дозаллин барамехь а. АллахI воцург дела вац, терза дузаран барамехь, Iилманан чаккхенан барамехь а, резахиларе кхачаран барамехь а, Iаршан дозаллин барамехь а. АллахI воккха ву, терза дузаран барамехь, Iилманан чаккхенан барамехь а, резахиларе кхачаран барамехь а, Iаршан дозаллин барамехь а)**».**

**«Алло́хIумма инни́ асбахьту ушхIидука, ва ушхIиду хьамалата Iаршика, ва мала́икатака, ва джами́Iа холькъика, аннака Анталло́хIу ла́ ила́хIа илла́ Анта вахьдака ла́ шари́ка лака, ва анна Мухьаммадан Iабдука ва росу́лука (**Йа́ АллахI, баккъалла а, со Iуьйренга вели, Хьо теш лоцу ас, Хьан Iарш лелош долу маликаш а теш лоцу ас, кхидолу маликаш а, Хьан дерриг халкъ а теш лоцу ас, Хьо АллахI ву аьлла, Хьо воцург кхин дела а вац аьлла, Хьо цхьаъ ву аьлла, Хьоьца накъост а вац аьлла, Мухьаммад – Хьан лай а, элча а ву аьлла)**».** (доьазза)

**«Алло́хIумма Анта робби́, ла́ ила́хIа илла́ Анта, Iалайка таваккальту, ва Анта роббуль-Iаршиль-Iазы́м. Ма́ ша́алло́хIу ка́на, вама́ лам йашаъ лам йакун. Ва ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хIиль-Iалиййиль-Iазы́м. АIламу анналло́хIа Iала́ кулли шайъин къоди́р, ва анналло́хIа къод ахьа́тIа бикулли шайъин Iильман. Алло́хIумма инни́ аIу́зу бика мин шарри нафси́, ва мин шарри кулли да́ббатин Анта а́хизум-бина́сыйатихIа́, инна робби́ Iала́ сыро́тIим-мустакъи́м** (Йа́ АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Хьоьга болх билли ас, Хьо йоккхачу Iаршан Да ву. АллахIна лиънарг хилла чекхдаьлла, Цунна ца лууш дерг хир дац. Вуочух дIахьовзор, диканна тIехь ницкъ кхачийтар а Веза-Сийлахьчу АллахIера бен дац. Суна хаьа, АллахI массо а хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а, АллахI массо хIума хууш а хилар. Хьоьга сой ларвар доьху ас сайн дегIан вуонах а, массо дийнатан вуонах а, Ахь доладеш, Хьан омранна кIелахь а долчу. Баккъалла а, сан Дела нийсачу некъа тIехь ву)**».**

**«Хьасбийаллóхӏу лá илáхӏа иллá хӏува, ӏалайхӏи таваккальту, ва хӏува роббуль-ӏаршиль-ӏазы́м** (АллахӀ кхачаме ву суна, Иза воцург кхин дела вац, Цуьнга болх билли ас, Иза – йоккхачу Ӏаршан Да ву)**».** (ворхӀазза)

**Билгалдаккхар:** суьйранна «Амсайнá ва амсаль-мульку» эр ду «Асбахьнá ва асбахьал-мульку» меттана, «Амсайнá Ӏалá фитӀротиль-Ислáми» эр ду «Асбахьнá Ӏалá фитӀротиль-Ислáми» меттана, «хӀáзихӀил-лайлати» эр ду «хӀáзаль-йавми» меттана, «Аллóхӏумма мá амсá би́» эр ду «Аллóхӏумма мá асбахьа би́» меттана, «Аллóхӏумма инни́ амсайту» эр ду «Аллóхӏумма инни́ асбахьту» меттана.